

# ÈSKE W SE YON SITWAYEN AYISYEN?

## OU KA KALIFYE POU « ESTATI TANPORÈ PWOTEJE »

**Renonsyasyon:** Se Inite ki okipe Lwa sou Imigrasyon Legal nan SosyeteÈd Legal la ki kreye bilten ransèyman sa a. Bilten ransèyman sa a se pa yon avi sou konsèy legal li ye ni nonplis tou li pa ranplase okenn konsèy yon ekspè imigrasyon ta bay.

Si w soti Ayiti e w te janbe fwontyè san enspeksyon pou vini Ozetazini oswa si w rantre sou yon viza ki ekspire, ou se yon moun ki san papyè. Gen posiblite ke w ka aplike pou Eitati Tanporè Pwoteje (TPS), ki pral pèmèt ou viv ak travay legalman nan peyi Etazini toutotan yo deziyen Ayiti kòm yon peyi ki gen TPS.

Pou w sa aplike pou TPS, wap bezwen bay prèv sou twa bagay sa yo: (1) ke w se Ayisyen, (2) ke w te abite Ozetazini nan jou 12 janvyè 2010 la, e (3) ke w te abite Ozetazini kontinyèlman depi dat sa a.

Ki dokiman wap bezwen?

(1) Prèv sou Nasyonalite Ayisyèn ou

- Paspò, oswa
- Batistè ki gen yon foto idantifikasyon sou li, oswa
- Nenpòt dokiman nasyonal ki pou idantifye w e ki soti Ayiti avèk foto w ak/oswa anprent ou.

(2) Dat Dantre

- Paspò, oswa
- Fòmilè I-94 Dosye Arive/Depa, oswa
- Kalite dokiman yo itilize pou pwouve (3) Rezidans, pi ba a.

(3) Rezidans Ozetazini le 12 janvyè 2010:

- Dosye travay (souch chèk pewòl, Fòmilè W-2, dosye sou enpo IRS (Sèvis Revni Ameriken), verifikasyon leta ke w ranpli enpo leta, lèt patwon w ekri, lèt bank ou fè tranzaksyon ak yo, ekri).
- Resi lwaye, bòdwo sèvis piblik (gaz, kouran, telefòn, elatriye), resi, oswa lèt konpayi ekri ki montre dat ou resevwa sèvis.
- Dosye lekòl (kanè lekòl, lèt, elatriye) ki soti nan lekòl oumenm oswa pitit ou te ale ladan yo Ozetazini, e ki montre non lekòl yo ak dat prezans yo.
- Dosye lopital oswa dosye medikal pou tretman oumenm oswa pitit ou resevwa, ki montre non lokal medikal la oswa non doktè a ak dat tretman an oswa dat ou te entènè lopital yo.
- Atestasyon legliz, sendika oswa lòt òganizasyon fè konsènan rezidans ou e ki idantifye w pa non w.
- Lòt dokiman divès, tankou batistè timoun ki fèt nan peyi isit la, tranzaksyon labank ki gen dat yo make ak transfè lajan, lèt, kat Sekirite Sosyal Ameriken, lisans chofè, kat Sèvis Selektif, kontra, ipotèk, polis asirans, elatriye.

(4) De (2) foto paspò.

## **Kriminèl yo Entèdi pou gen TPS**

Moun yo te kondane poutèt yo te fè de (2) krim ki te mande anprizònman pou ennan oswa mwens oswa moun ki te fè yon krim ki te mande anprizònman pou ennan oswa plis, pa kalifye pou TPS. Epitou, si yon moun te gen kèk kondanasyon inik pou krim ki mande anprizònman pou ennan oswa mwens, sa ka entèdi moun sa yo jwenn TPS, byenke gen delè lalwa pèmèt Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (U.S. Citizenship and Immigration Services) egzante entèdiksyon sa yo. Nenpòt moun ki gen yon dosye arestasyon kriminèl, dwe pale ak yon ekspè sou lwa imigrasyon anvan l aplike pou TPS.

## **KOUMAN POU JWENN SÈTIFIKA SOU DESIZYON AN:**

Si yo janm te arete w oswa yo te kondane w poutèt yon krim, ou dwe pran yon kopi Sètifika sou Desizyon an. Sètifika a pral enfòmè w pou ki krim yo te pote akizasyon kont ou, pou ki krim yo te kondane w, ki dat yo te kondane w, ak ki santans ou te sèvi. Si yo te arete w pliske yon fwa, se pou w pran yon Sètifika apa pou chak ensidan.

Pran yon Sètifika sou Desizyon an pou chak arestasyon nan men Grefye Tribinal la ki nan peyi kote yo te arete w la. Asire w ou gen nimewo Dosye a (si w konnen l), dat arestasyon an, Idantifikasyon ak foto, ak **\$10** (montan egzak la sèlman).

### ***Adrès pou Biwo Grefye Konte a nan Vil Nouyòk:***

#### **New York County (Manhattan)**

Room 134  
100 Centre Street, New York, NY 10013  
Lendi a Vandredi, 9è00 a.m. a 5è00 p.m.

#### **Konte Kings (Brooklyn)**

Room 510  
120 Schermerhorn Street, Brooklyn, NY 11210  
Lendi a Vandredi, 9è00 a.m. a 5è00 p.m.

#### **Konte Queens**

Room G-78  
125-01 Queens Boulevard, Kew Gardens, New York 11415  
Lendi a Vandredi, 9è00 a.m. a 5è00 p.m.

#### **Konte Bronx**

215 East 161st Street  
Bronx, NY 10451  
Lendi a Vandredi, 9è00 a.m. a 5è00 p.m.

#### **Konte Richmond (Staten Island)**

Central Clerk's Office (1st Floor)  
67 Targee Street, Staten Island, NY 10304  
Lendi a Vandredi, 9è00 a.m. a 5è00 p.m.

Si **Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority: MTA)** konvoke w, pran yon **lèt sou desizyon an**. Nan Vil Nouyòk, wap jwenn ni nan NYC Transit Adjudication Bureau, 505 Fulton Street, 6th Floor, Brooklyn, NY 11201, **(347) 643-5805**. Wap gen pou peye yon frè \$10, epi se pou w soumèt yon pyès Idantite gouvènman ak Kat Sekirite Sosyal ou. Si w pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou dwe soumèt yon deklarasyon notarye ki deklare yo pa ba w youn.

**ATANSYON:** Si w resevwa yon konvokasyon oswa yo te arete w, wè avèk yon avoka kalifye anvan w aplike pou TPS oswa nenpòt lòt benefis imigrasyon. Epitou, si yo te arete w sèlman e w pa gen yon ka tribinal, asire w ou mete avoka a okouran de arestasyon an.